ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№108 (23.266) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 7, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ Налшык щыхуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ щыІэ советым и тхьэмадэм

Урысей Федерацэм и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ щыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ советым и зэІущІэхэр Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм къыщызэригъэпэщащ. Апхуэдэ зэІущІэ Налшыки щыІэзхэтащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Советым и тхьэмадэ Федотов Михаил щыхуэзам ахэр тепсэлъыхьащ щыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжьыным хуэгъэзауэ къуэ къалэн щхьэхуэхэм. Апхуэдэу гупытэ хуащащ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, жылагъэ политикэ зэпІэзэрытыныгъэ къыззгъэпэщыным, дызыхуэкІэ фокІадэ маззм Къэрал Думэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я депутатхэр зэрыхахынум зыхуэгъэхьэзырын и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

КІуэкІуэ Юрийрэ Федотов Михаилрэ къыхагъэщхьэкІащ властым и органхэмрэ граждан жылагъуэ Іэхуэщ Іапі Іэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр адэкІи гъэбыдэн хуейуэ къыззраІытэр.

Советым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыІэну зэманым ягъэтІысахэр щаІыгъ щыпІэхэм, социальнэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, полицэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм, сымаджэщхэм епІынуц, апхуэдэу си щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІэ щыху щхьэхуэхэм яІуэщІэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Федотов Михаил

Сабийхэм гулъытэу ягъуэтымкІэ арэзы мэхъу

УФ-м и Президентым Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ щІыхуэхэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэлажьэ Советым и лІыкІуэхэр мэкъуауэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щахуэзащ упщІэ, гукъуэуэ зиІэхэм.

КЪЫКІЭПЪЫКІУЭ махуэм, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ящыгъуу, гупыр щыІащ Налшык къалэ дэт Сабий унэм. Іуэхущ Іапі Іэм и дохутырыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къурымыкъуэ Маритэ хъущІэхэм пэшхэр яригъэлъэгъуащ, я лажьыгъэм щигъэгъуэзащ. Абы зэрыжиІамкІэ, Сабий унэм гъуэлъыпІи 130-рэ щІохуэ. Псори зэхэту цІыху 301-м Іэнатіэ щаІэщ, медицинэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ жыпІэми.

- Мы зэманым сабийуэ 56-м дакІэлъэпІэ. Абыхэм ящыщу 8-р ныкъуэдыкъущ. Я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэж къудамэм сабий 50-м щоІэзэ, яхуэмыгъэхъуж узыфэ хьэлъэ зыпкърыту тху диІэщ, - жиІащ Къурымыкъуэ Маритэ. Мыбы щоІэзэ ДЦП, Дауным и синдром зиІэхэм.

УФ-м и Президентым Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэлажьэ Советым и унафэщІ Федотов Михаил Сабий унэр зыхуэныкъуэм щыщІэупщІэм, Къурымыкъуэ Маритэ жиІащ цІыкІуэхэм иппотерапиемкІэ еІэзэныр зэрахъуэпсапІэр. КІуэкІуэ Юрий ахэр къигъэгъащ а Іуэхур яхуэзфІигъэкІыну.

Къурымыкъуэ Маритэ жиІащ 2015 гъэм цІыхухэм япІыну сабий 19 къыззращтар, абы и пэ илъэсым - 40. Апхуэдэуи 2009 гъэ лъандэрэ сабий ныкъуэдыкъуэу 7 унагъуэхэм къащтащ.

КъыкІэлъыкІуэу хъущІэхэм зыщапІыхьащ Сабий творчествэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академием. Сабий эзчиифІэхэм папщІэ лицейм щеджэнухэр къыззрыхахыну щыкІэм, цІыкІуэхэм заужьыныкмкІэ яІэну Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми лІыкІуэхэр щІэупщІащ. Апхуэдэуи ахэр епсолъащ дерсым щІэсу зрихьэпІэ ныбжьыщІэхэм. ЦІыкІухэм ныкъагъэщащ планетарий яІэну зэрыщІэхъуэпсыр, дунейр, вагъуэхэр, щІыуэпсыр джыным зэрыдахьэхыр. Абыхэм ягъэльэгъуащ езыхэм я Іэкіэ ящІа Іэмэпсымэ, машинэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Илъэгъуар къыззрыщыхъуар журналистхэм къащыхриІэм, Федотовым къыхигъэщащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым щытпъэгъуаэхэм арэзы дыкъащІащ. Псом хуэмыдэу дигу ирихьащ сабийхэм, зи узыншагъэм сэкъат зиІэхэри яхэту, зэращыдэлажьэмрэ зэращыуэсакъыкІэ. Языныкъуэ щІыналъэхэм къыщыджащІэ Іуэхум бгъэдыхьэкІэ къыхуамыгъуэтыфу, Іэмал ямыІэу. Гурыуэгъуэщ ар зэрыхуэмыхуагъыр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий яхуищІащ Федотов Михаилрэ ар зи пашэ гупымрэ. Абы къыхигъэщащ Советым и лажьыгъэм цІыкІуэхэмкІи, жылагъуэхэмкІи, къэралыбмкІи мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

ХьэщІэхэр а махуэ дыдэм республикэм и нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі Іэхэми щыІащ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ пэрытхэм я унафэщІхэм яІуащІащ.

КъАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

УФ-м и Президентым Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ щІыхуэхэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэлажьэ Советым и зэІущІэхэр КИФШІІ-м и щІыналъэхэм 15-нэу мы гъэм щокІуэкІ. Мэкъуауэгъуэм и 4-5 махуэхэм абы и лІыкІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щыІащ.

СОВЕТЫМ и унафэщІ Федотов Михаил зи пашэ гупым яІуащІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий. Абы хьэщІэхэм фыщІэ яхуищІащ, республикэм къыззрелІагъэр зэригуапэр къыхигъэщу.

- Нэрылъагъуэ Советым иужьрей зэманым лэжьыгъэшхэу зэрызэфІигъэкІыр. Жылагъуэ гъащІэм зезыгъэужь, цІыкІуэхэм я хуитыныгъэр зыхъумэ къаруг ар. Си фІщІ мэхъу Советым и лІыкІуэхэр къыззрыкІуар къыззрытщхьэпэнур, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Іуэхур щыкІуатэр цІыхуэхэм я гупсысэм, гурыгъу-гурыщІэхэм уащыгъуазэмэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным дэ сыт щыгъуи ди нэІэ тыдогъэт, псалъэм папщІэ, дгъэбелджылащ 2030 гъэ пщІондэ ди республикэм и экономикэмрэ цІыкІуэхэм я псэукІэмрэ езыгъэфІэкІуэну Іуэхугъуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ цІыхубэмрэ властымрэ зэпызыдэлажьэм гулъытэшхуэ республикэм зэрыщыкъуащІыр, зым адрейм и дзыхь зэрыригъэзыным зэрегугъур. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэх-щІэжьыгъэ щрагъэкІуэкІ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр: политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ, ветеран, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, щэнхабзэ центрхэм я лэжьакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, дин Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ хъыбарезгъащІэ Іэнатіэхэмрэ я лІыкІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр жьыджару цІыхубэм яхуозэ икІи ядолажьэ. КьищынэмыщІауэ, Урысей-псо цІыхубэ фронтым и щІыналъэ къудамэми лэжьыгъэфІхэр зэфІегъэкІ.

- ЗэрыжьсІащи, иужьрей илъэсхэм куэд зэфІэдгъэкІащ властым и Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ цІыхубэмрэ зэпыщІа зэрыхъуным теухуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулІэныгъэ яІэу щолажьэ Жылагъуэ палатэр, КъБР-м и Парламентым епхуэу диІащ. ЩІалагъуалэ палатэр, ЩІалэгъуалэ Правительствэр, нэгъуэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, жылагъуэ гъащІэм зегъэужьыныгъэ цІыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэІепыкъуэгъу хъу республикэ комиссэм и лэжьыгъэри, - дыщІигъуащ КІуэкІуэм. - Адрей Іуэхущ Іапі Іэхэм еІпІыгъ, куэд щІакъым Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэ дызэриІэрэ. Ди цІыхухэр жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэм нэхъыбэу къызэрыхэтшэным дыхущІокъу, дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ цІыхухэм я псэукІэр тынш ящІэжьыну лэжьыгъэм зетпщытыну. Псалъэм папщІэ, республикэр зэпымыуэ ядоІэпыкъу социальнэ мыхьэнэ зиІэ, мылъку къэлэжьыным емыпха Іуэхущ Іапі Іэхэм. Апхуэдэу 70-м нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэри, абы хэм я нэхъыбэм къагъэлъэгъуащ мыхьэнэ зэраІэр.

Мы зэманым республикэм зыхуегъэхьэзыр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и хэхьанэгъэхэр зэрекІуэкІынум. Дэ дыхущІокъу а Іуэхум цІыхуэхэр жыджэру хэдгъэтыну, абы и мыхьэнэр зыхуэдэр къагурыдгъэІуэну. Сыщогугъ адэкІи апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм дыкетыну, УФ-м и Президентым Граждан жылагъуэм зегъэужьныкмрэ цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэлажьэ Советым дыпыщІауэ дыщытыну.

Федотов Михаил псалъэ щратым хъыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэн и пэ, гупыр Осетие Ищхъэрэ-Аланием хьхьэ Беслъэн къалэм зэрыщыІар, илъэс пщыкІутКІэ узэІэбэкІыжмэ, сабий 300-м щІигъу щыхэкІуэда щІыпІэм зэрыкІуам гузэвэгъуэр нэхъри зэрызыхригъэщІар. «Беслъэн къалэм и курыт школым щІэс цІыкІуэхэм къатепсыха гузэвэгъуэр нэхъри зыхьбощІэ а еджапІэр, «МелыІычхэм я къалэ» псо цІыхубэ фронтым и щІыналъэ къудамэми лэжьыгъэфІхэр зэфІегъэкІ.

- ЗэрыжьсІащи, иужьрей илъэсхэм куэд зэфІэдгъэкІащ властым и Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ цІыхубэмрэ зэпыщІа зэрыхъуным теухуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулІэныгъэ яІэу щолажьэ Жылагъуэ палатэр, КъБР-м и Парламентым епхуэу диІащ. ЩІалагъуалэ палатэр, ЩІалэгъуалэ Правительствэр, нэгъуэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, жылагъуэ гъащІэм зегъэужьныкмрэ цІыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэІепыкъуэгъу хъу республикэ комиссэм и лэжьыгъэри, - дыщІигъуащ КІуэкІуэм. - Адрей Іуэхущ Іапі Іэхэм еІпІыгъ, куэд щІакъым Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэ дызэриІэрэ. Ди цІыхухэр жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэм нэхъыбэу къызэрыхэтшэным дыхущІокъу, дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ цІыхухэм я псэукІэр тынш ящІэжьыну лэжьыгъэм зетпщытыну. Псалъэм папщІэ, республикэр зэпымыуэ ядоІэпыкъу социальнэ мыхьэнэ зиІэ, мылъку къэлэжьыным емыпха Іуэхущ Іапі Іэхэм. Апхуэдэу 70-м нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэри, абы и мыхьэнэр зыхуэдэр къагурыдгъэІуэну. Сыщогугъ адэкІи апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм дыкетыну, УФ-м и Президентым Граждан жылагъуэм зегъэужьныкмрэ цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ дэлажьэ Советым дыпыщІауэ дыщытыну.

Федотов Михаил псалъэ щратым хъыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэн и пэ, гупыр Осетие Ищхъэрэ-Аланием хьхьэ Беслъэн къалэм зэрыщыІар, илъэс пщыкІутКІэ узэІэбэкІыжмэ, сабий 300-м щІигъу щыхэкІуэда щІыпІэм зэрыкІуам гузэвэгъуэр нэхъри зэрызыхригъэщІар. «Беслъэн къалэм и курыт школым щІэс цІыкІуэхэм къатепсыха гузэвэгъуэр нэхъри зыхьбощІэ а еджапІэр, «МелыІычхэм я къалэ» кхъэр щыплъагъуакІэ. Шэч хэмылъу, а Іуэхум хэкІуэдаэхэм я фэеплъыр дэ тхьумэн хуейщ, - жиІащ Федотовым. - Сэ сызэреплъымкІэ, а щІыпІэхэр егъэлъагъун хуейщ нэхъ щІыкІуэхэми балигъхэми, сабийхэм я хуитыныгъэр къызэрырамыдзар, хабзэми цІыхугъэми къамыбыд зэралажьар, терроризмэр зищІысыр къагурыуэн папщІэ. Сэ сыт щыгъуи жысІэраци, хэкІыпІэр зыщ: хабзэм уебакъуэ хуенукъым, абы дытетыпхъэщ, итІанэщ цІыхуэхэр зыхуей щІыхуэзэнур».

Федотовым къыхигъэщащ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я мызакъуэу, цІыхубэри терроризмэм пэщІэтыну хуейуэ къыззриІыытэр. Ар зи унафэщІ Советыр дяпэкІэ нэхъ елэжьынуц, зэІущІэхэр триухэунущ.

- ЗэрыщІэщи, цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэхэр Москва областми, Хакасие, Адыгей, Краснояр щІыналъэхэми щыІэщ. Сыщыгъуазэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми куэд щІауэ апхуэдэ зэрыщІалажьэм. Сыхуейт ахэр щыІэ куэдей мыхъуу, я сэбэп тлъагъуну. ЦІыхур зыгъэгъуазэрщ псом ямпу гулъытэр зыхуэтщІыпхъэр, - жиІащ Федотовым.

- Ди зекІуэм къриубыдэу, дэ ди мурадщ Іуэхущ Іапі Іэ зэмылІэужьыгъуэхэм я щІыпІлъхьыну: следствие щрагъэкІуэкІ Іэнатіэхэм, полицэхэм я къудамэхэм, сабий унэхэм, нэгъуэщІхэми. Абы къыхэкІыу ди гупым яхэтщ федеральнэ Іуэхущ Іапі Іэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр. Сыт хуэдэ гугъуехьэм мыбдеж цІыхуэхэр щыІущІэрэ? СыткІэ сэбэп дыхъуфыну?! Ахэр къэтщІэну, тхъэзэІэкІымкІэ зыфщІэдзэкъуэну арадж ди мурад нэхъыщхьэр. Мы зэманым къралым щолажьэ «Жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэхэм теухуауэ» Федеральнэ хабзэр. Ар Іэмал имыІэу тегъэщІапІэ тщІын хуейщ, - дыщІигъуащ хъэщІым и псалъэм.

Советым жэрдэм къыхилъхьащ «Сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэр хъумэным теухуауэ» Хабзэр республикэм кІищтэну, абы кърикІуэм щІыналъэм деж щыкІэлъыплъыну.

КІуэкІуэ Юрий хъэщІэр къигъэгугащ Советым и жэрдэмхэм гулъытэ хуащІыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Хабзэрщ тегъэщІапІэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ди къуэш Ингушым и цІыхубэм ехъуэхъуащ Республикэм и махуэкІэ

Абы щыналъэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч хуигъэхьа хъуэхъум итщ:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Правительствэм, ди цІыхухэм я цІэкІэ си гуапэу Уэри ди къуэш ингуш лъэпкъми сынывохъуэхъу Республикэр къыщыззрагъэпэща махуэмкІэ.

Тхыдэм ехьэлІауэ къапщтэмэ, зэман кІэщІым къриубыдэу Ингушым ехъулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр социально-экономикэ зыужьныгъэ и лъэныкъуэкІэ къихьащ. Дэ абыхэм хуабжьу дыщогуфыкІ икІи ди лъэныкъуитым я зэпыщІэныгъэхэм икъукІэ дахуосакъ. Мы махуэм ирихьэлІэу Уэ, Юнус-Бэч Баматджэрий и къуэм, узыншагъэ быдэ, зэфІэкІ мыкІуэщІыж уиІэну, Ингушым, зэрыщыту Хэкум я фІыгъуэм ильэс куэдкІэ утелэжьэну, ди къуэш республикэм и цІыхубэм мамырыгъэрефІэкІуэныгъэрэ яІэну сынывохъуэхъу».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Мэкъуауэгъуэм и 5-м Урысейм щагъэлъэпІащ Экологым и махуэр. КъБР-м щІыуэпсыр хъумэнымкІэ и Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм а гуфІэгъуэмкІэ ехъуэхъуащ КІуэкІуэ Юрий

«Экологым и махуэр аргуэру зы щхьэусыгъуэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным пыщІа Іуэхухэм дыкъэплъэжьи, дуней псом и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ цІыхухэм зи щІыуэпсыр яфІэтелъыджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэр хъумэнымкІэ къыдбгъэдэкуэ къалэн инхэр зыгуфІыдгъэІуэн папщІэ. Республикэм властымкІэ и органхэм, щІэныгъэм и лэжьакІуэхэмрэ жылагъуэ лІыкІуэхэмрэ къарушхуэ ирахьэлІэ экологие шынагъуэншагъэр зэтегъуэвэным, дыщалъхуа щІыналъэм и къулеягъыр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымрэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ икІи сытым дежи дызыхуэныкъуэ а Іуэхухэм пэрыт псоми фІыщІэ фхуэзощ. ФефІэкІуэну, ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхыну сынывохъуэхъу», - итщ республикэм и унафэщІым и хъуэхъум.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Урысейм и махуэм и щІыхькІэ

США-ми зыщІыхуагъэхьэзыр Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и махуэр гъэлъэпІэным, уеблэмэ абы теухуа акци ирагъэкІуэкІ.

Абы ипкъ иткІэ цІыхухэм сурэтхэр зытрыгарэхъ «Сэ Урысейр фІыуэ солъагъу» зытетха плакатхэм деж щыту е апхуэдэу зытет ди ныпхэр яІыгъыу. Сурэтхэр Интернетым и портал щхьэхуэм щызэхуахьэсынущ, апхуэдэ гупыж зиІэхэр абыхэм епІыфыкІ хуэдэу.

Ялэу Америкэм щекІуэкІ мы акцэр къыхэзылъхьахэм къызэрыхагъэщымкІэ, ди хэкуэгъуэхэу США-м щыпсэуэхэм нэмыщІ, а Іуэхум яфІэфІу ёкъохуэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм щыщхэри, езы американкэри. Жэрдэмыр щыдаІыгъакІэщ штат 15-м, нэхъ инхэм ящыщу Калифорниери, Нью-Йоркри, Техаси яхэту. Акцэр къызззыгъэпэщахэр щогугъ етІанэгъэ мы Іуэхум адрей штатхэм щыпсэуэхэри къыхьыхьну.

Донбассым доІэпыкъу

Швейцарием Донецк къригъэщащ бээхум и сульфату тонн 473-рэ.

Ар къыхуагъэсэбэпынущ псы къыщыщІыщ станцхэм я лэжьыгъэр зэтеуухуэжьным. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, а пкъыгъуэм цІыхур зэфэ псыр ирыратэжьабзэ. Швейцариер Донбасс щІыналъэм иджы еплІанэрэ доІэпыкъу. Иджырейм къэралым франк мелуан 1,3-рэ тригъэкІуэдащ.

НОБЭ

♦Испанием щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр
♦Мелиораторым и махуэщ
♦Алтай Республикэм и конституцэр къыщащта махуэщ
♦1732 гъэм Санкт-Петербург ягъэ ЩІымахуэ уардэунэм, пащтыхь гуащэ Иоанн ихъуэ Аннэ хуаухам, и лабжьэр щагъэтІылъащ.
♦1881 гъэм Пушкин А. С. и фэеплъ Москва къыщыззІуахащ.
♦1903 гъэм франджы щІэныгъэлІ Кюри Пьер Берлин хэІущІыну щиці ащ химие пкъыгъуэщІэ - полоний - къыззрихутар.
♦1936 гъэм КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкІэ и республикэ комитет къыззрагъэпэщащ.
♦1960 гъэм Сауд Хьэрыпым щІыхубзэр хуит щащІащ щІэныгъэ зрагъэгъуэтыну.
♦2008 гъэм Европэм футболымкІэ и чемпионатым щІидзащ.
♦ТхакІуэ, усакІуэ-уэрэдус, драматург, актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Арканов (и унэцІэ дыдэр Штейнбокщ) Аркадий** къыззраІухуэрэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, драматург, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Тыркуем щыщ адыгэ тхакІуэ, Нобель саугъэтым литературэмкІэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Маршал Александр (и унэцІэ дыдэр Миньковщ)** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Тэтэр Анатолий** къыззраІухуэрэ илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыпэмылъэщынум зыпэщІумысэ.

ЩІэныгъэм щыхагъахъуэ дерсхэр

Налшык щокІуэкІ лъэпкъ зэмылІэужьыгъэхэм къахэкІахэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ ядэлэжьэныр зи къалэным хьхьэ къэрал, муниципальнэ къулыкъущІэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ дерсхэр.

ЛЕКЦЭХЭМРЭ къыззрапщытэж дерсхэмрэ ирагъэкІуэкІ цІыхубэ хозяйствэмкІэ Урысей академием и Кавказ Ищхъэрэ институтым и профессорхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, УФ-м и Президентым и деж щыІэ къэрал къулыкъум пэрытхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм. Егъэджэныгъэр очнэрэ заочнэу зэщхьэщокІ.

Дерсхэр яухнущ бадзэзэгъуэм и 10-м. Экзаменхэр зытыжьыфым иратыжьнущ и щІэныгъэр зэрыхигъэхъуам щыхьэт техьуэ тхыльэ.

Іуэхур къыззрегъэпэщ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныжымрэ лъэпкъхэм я ІуэхухэмкІэ и управленэм.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Къэралым и Президентым къигъэува къалэнхэр гъэзэщІа зэрыхъур къапщытэ

КЪР-м и къэрал чэнджэщагъу Къэрмокъуэ Хьэчим Іуащхьэмахуэ районым щригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ маузэм къыдигъэкІауэ щыта указхэр мы щІыналъэм гъэзэщІа зэрыщыхъум теухуа зэІущІэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КЪР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу Уянаевэ Іэминат, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым, КЪР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Былыимгъуэт Юрий, КЪР-м лэжьыгъэмкІэ, щыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыззэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ацкъан Ратмир, КЪР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ Іэнатіэм и консультант Вяльцев Геннадий, КЪР-м и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лЫкІуэхэр, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, Тырныауэ къалэм, къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм и пэщІдзэм Къэрмокъуэ Хьэчим къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ «накъыгъэ» указхэм екъэлІауэ къэув социально-экономикэ къалэн нэхъыщхьэхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм заужьныкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэм.

УФ-м и Президентым и указхэм къыщыгъэува Іэухуэхэр мы щІыналъэм щыгъэзэщІэныжкІэ жэуап зыхь къулыкъущІэхэм лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым теухуа докладхэр ящІащ. Къапщтэмэ, районым администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Раисэ зэрыжиІамкІэ, районым и социально-экономикэ зыужьныгъэм хиубыдэу яубзыхуа планхэр ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу ягъэзащІэ. Урысейм и Президентым и указхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьакІуэ гупхэм ику иту кьаІэрыхьа улахуэхэр яубзыхуауэ щыта бжыгъэхэм нагъэсащ.

Районым гупльитащхуэ щыхуащІ щыхуэхэм къэрал, муниципальнэ Іэухутхьэбзэхэр зэрыщыхуащІэ щыкІэр егъэфІэкІуэным. Къапщтэмэ, 2015 гъэм апхуэдэ Іэухутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу мин 47-рэ зэфІагъэкІащ.

Абыхэм кьадэкІуэу, жиІащ Афашоковэ Раисэ, языныкъуэ Іэухуэхэм я екІуэкІыкІэм зэкІэ нэсу арэзы укъиощІыркъым. Апхуэдэхэм ящыщщ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэр кьагъэщІэрэщІэжьынр, инвестицэхэр кьызэщІэгъэуІуэныкмкІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр зэтегъэуІуэным, лэжьапІэ Іэнатіэщ зэхъэрабгъуэхмкІэ къызэгъэпэщыным теухуа законыр гъэзэщІа зэрыхъум и гугъу щиІым район администрацэм промышленностымкІэ, транспортымкІэ, ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хаджиевэ Олеся кьыхигъэщхьэхуэкІащ бын кУэд зиІэ унагъэхэм ящыщу зи псэупІэр егъэфІэкІуэн хуейхэр къызэрыхатхыкІар, зыхуэфащэхэм унапІэу хухахыну щыхэр зэрадзыхуар. Дыззыр ильэсым кьриубыдэу Тырныауэ къалэм щыщ унагъуэ 11-м унэхэр зытращІыхьын щІыхэр иратащ. А лэжьыгъэм дяпэкІи пащэнущ.

ЗэІущІэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэм, узышнагъэр хъумэныжкІэ Іэнатіэм я Іуэху зыІутым. Къапщтэмэ, Тырныауэ къалэм районым хиубыдэ адрей кьуажэхэми щыІэ сабий садхэр ирагъэфІэкІуащ икІи зи школ кІуэгъуэ нэмыса псори а ІуэхущІапІэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Докладхэр зыщІадзэр Къэрмокъуэ Хьэчим къыхуриджащ зэкІэ зыпэмыльэщауэ щыІэ Іуэхуэр дзэгъэкІыным я гулъытэр хуауэнэтІыну. Абы УФ-м и Президентым и указхэр гъэзэщІэныжкІэ Іуащхьэмахуэ районым лэжьыгъэ хъарзынэ щызэфІагъэкІауэ къызэрильытэр жиІащ.

ЗэІущІэм и кІэухым район администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ псалъэмакъ щыхьэпэ зэрыригъаІэкІуэкІам икІи мы щІыналъэм исхэм сэбэп яхуэхьун чэнджэщхэр къызэрыратам папщІэ.

«Иджыпсту Урысейм и Правительствэм къэрал программэ щхьэхуэхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну ахъшэр ткІийуэ зэригъэзэхуэн хуей мэхъу. Апхуэдэ лъэхъэнэм дэ кьалэнышхуэ къыдбгъэдохуэ районым щыІэ щытыкІэр зэІымыкьэныжкІэ, цІыхухэм гугъуехьхэр кьалъыкъуэмыкІыныжкІэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ лэжьыгъэхэм кьахуэдгъуэтын хуейщ УФ-м и Президент Путин Владимир, КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сымэ кьытхуагъэуува кьалэнхэр гъэзэщІэныр къызэзыгъэпэщ бгъэдыхьэкІэр», - жиІащ районым и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэхуэхэм ябгъ ирагъэкІуэкІащ унафэхэр кьащтащ икІи ахэр гъэзэщІэныжкІэ жэуап зыхьхэр ящІыхуащ.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

● Узыншагъэ

ЛІэщІыгъуэ ныкъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетыр къызэрызэІуахрэ илъэс 50 зэрырикъум и щІыхькІэ накъыгъэм и кІэхэм Налшык щекІуэкІащ «Медицинэм и иджырей мардэщІэхэр» XI щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар КъБКъУ-м щыгъуэ къызэрагъэпэщащ КЪР-м Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм, Терапевтхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ медицинэ зэгъэхьэныгъэм, «КЪБР-м и дохутыр палатэ» Іуэхущ Іапі эм, «Астрамедфарм» центрым.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым, Ставрополь щІыналъэм щыщ дохутыр, аспирант, интерн, студент 500-м щІигъу абы хэтащ.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ Пластическэ, эстетическэ хирургиемкІэ америкэ зэгъэхьэныгъэм хэт, Дахагъэмкі институтым и щІэныгъэ советым и унафэщІ, профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Виссарионов Владимир, Профилактикэ медицинэмкІэ къэрал щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и лабораторэм и унафэщІ Мамедов Мехман, УФ-ми КЪР-ми щІыхь зиІэ я дохутыр, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и кафедрэм и унафэщІ Мустафаев Магомет, «Migun Medical InstrumentsCo., Ltd» Іуэхущ Іапі эм Урысейм щиІэ къудамэм и лЫкІуэ Ныбэжь Алий, Урысей Ипщэм уэзыщхьэлІэ узыфэ зэрыцІалэхэмкІэ Іэщ Іагъэлі нэхъыщхь Санниковэ Иринэ (Ставрополь къалэ), нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр къыщызэІуихыж, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым терапиемкІэ и кафедрэм и унафэщІ, профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, Терапевтхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ медицинэ зэгъэхьэныгъэм и унафэщІ Іумэт Мурат жиІащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым илъэс 50 лъандэрэ зэрызиужьыр. Абы къыхигъэщащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым къыщІигъэкІ Іэщ Іагъэлі зэфІэкІ зэрыщІэныгъэ, республикэм и дохутыр нэхъыфІ дыдэхэм я процент 90-м къаухар зэрыарар.

Конференцым ягу кьыщагъэкІыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэм зезыгъэужьа дохутыргегъэджакІуэхэр, ди зэманым кьыгъэмытыжхэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ бгы узым зэрелъэз Іэмалыщ Іэхэм, ринопластикэм щІэуэ кьыхьихьам, пребиотикхэмкІэ зэрагъэхьужьр егъэфІэкІуэным, нэгъуэщІ куэдми.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Дзхъу Анзор Мухьэмэд и къуэр унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ №135/1-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтныжкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къыззгъэпэщыныжкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, «унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэт Шэрыпіужь Руслан Льостэнбий и къуэм и кьалэнхэр щхьэщІыхьным и Іуэхукіэ» 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кьищта унафэ №133/4-5-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэрэдж щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэн Дзхъу Анзор Мухьэмэд и къуэр, 1973 гъэм кьалъхуар, профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Шэрэдж муниципальнэ районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Шэрэдж муниципальнэ районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм и хэхакІуэхэм я зэІущІэм кьыщагъэлъэгъуар.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьытрегъэдзэн икІи «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Хъуэст Елдар Жырасльэн и къуэр унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ №135/2-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтныжкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къыззгъэпэщыныжкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 2-нэ статьям, «унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэт Жамборэ Нэлжан Муіэед и пхъум и кьалэнхэр щхьэщІыхьным и Іуэхукіэ» 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кьищта унафэ №132/1-5-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Аруан щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэн Хъуэст Елдар Жырасльэн и къуэр, 1984 гъэм кьалъхуар, профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІныжкІэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центр» къэрал Іуэхущ Іапі эм методологиемкІэ, Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщым кІэлъыплъныжкІэ и управленэм и унафэщІыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэгъ» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кьигъэлъэгъуар.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьытрегъэдзэн икІи «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Муниципальнэ щІыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я депутатхэр щыхахкІэ кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэр зэратхыр, абыхэм я полномочиехэр зыхуэдэр, кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэм я удостоверэнэм и теплъэр зыбгъэкІуэ Тхыгъэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ №135/4-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтныжкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къыззгъэпэщыныжкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 23-нэ статьям, «ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ лЫкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2003 гъэм щышщхьэуІум и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №74-РЗ-м и 46-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Муниципальнэ щІыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я депутатхэр щыхахкІэ кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэр зэратхыр, абыхэм я полномочиехэр зыхуэдэр (гуэдзэн №1), кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэм я удостоверэнэм и теплъэр (гуэдзэн №2) зыбгъэкІуэ тхыгъэр къащтэн.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьытрегъэдзэн икІи «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Муниципальнэ щІыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я депутатхэр щыхахкІэ кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэр зэратхыр, абыхэм я полномочиехэр зыхуэдэр, кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ финанс Іуэхуэхэмкіэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэм я удостоверэнэм и теплъэр зыбгъэкІуэ тхыгъэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ №135/5-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтныжкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къыззгъэпэщыныжкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 58-нэ статьям и пункт 12-м, «ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ лЫкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2003 гъэм щышщхьэуІум и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №74-РЗ-м и 46-нэ статьям и 9-нэ Іыхьэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Муниципальнэ щІыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я депутатхэр щыхахкІэ кандидатхэмрэ хэхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэхэмрэ кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэльэгъэныжкІэ я фондхэр къыззрагъэпэщын папщІэ счёт щхьэхуэхэр къызэрызэІуах, къыззрагъэсэбэп икІи зэрызэхащІыж Хабзэм и Іуэхукіэ

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм кьытрегъэдзэн икІи «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Къэралым и Президентым къигъэува къалэнхэр гъэзэщІа зэрыхъур къапщытэ

КЪР-м и къэрал чэнджэщагъу Къэрмокъуэ Хьэчим Іуащхьэмахуэ районым щригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ маузэм къыдигъэкІауэ щыта указхэр мы щІыналъэм гъэзэщІа зэрыщыхъум теухуа зэІущІэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КЪР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу Уянаевэ Іэминат, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым, КЪР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Былыимгъуэт Юрий, КЪР-м лэжьыгъэмкІэ, щыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжкІэ, социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ацкъан Ратмир, КЪР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ Іэнатіэм и консультант Вяльцев Геннадий, КЪР-м и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лЫкІуэхэр, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, Тырныауэ къалэм, къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм и пэщІдзэм Къэрмокъуэ Хьэчим къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ «накъыгъэ» указхэм екъэлІауэ къэув социально-экономикэ къалэн нэхъыщхьэхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм заужьныкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэм.

УФ-м и Президентым и указхэм къыщыгъэува Іэухуэхэр мы щІыналъэм щыгъэзэщІэныжкІэ жэуап зыхь къулыкъущІэхэм лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым теухуа докладхэр ящІащ. Къапщтэмэ, районым администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Раисэ зэрыжиІамкІэ, районым и социально-экономикэ зыужьныгъэм хиубыдэу яубзыхуа планхэр ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу ягъэзащІэ. Урысейм и Президентым и указхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьакІуэ гупхэм ику иту щыІэ ящІыхьа улахуэхэр яубзыхуауэ щыта бжыгъэхэм нагъэсащ.

Районым гупльитащхуэ щыхуащІ щыхуэхэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащІэ щыкІэр егъэфІэкІуэным. Къапщтэмэ, 2015 гъэм апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу мин 47-рэ зэфІагъэкІащ.

Абыхэм кьадэкІуэу, жиІащ Афашоковэ Раисэ, языныкъуэ Іуэхуэхэм я екІуэкІыкІэм зэкІэ нэсу арэзы укъиощІыркъым. Апхуэдэхэм ящыщщ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэр кьагъэщІэрэщІэжьынр, инвестицэхэр кьызэщІэгъэуІуэныжкІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр зэтегъэуІуэным, лэжьапІэ Іэнатіэщ зэхъэрабгъуэмкІэ къызэгъэпэщыным теухуа законыр гъэзэщІа зэрыхъум и гугъу щиІым район администрацэм промышленностымкІэ, транспортымкІэ, ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хаджиевэ Олеся кьыхигъэщхьэхуэкІащ бын кУэд зиІэ унагъэхэм ящыщу зи псэупІэр егъэфІэкІуэн хуейхэр къызэрыхатхыкІар, зыхуэфащэхэм унапІэу хухахыну щыхэр зэрадзыхуар. Дыззыр ильэсым кьриубыдэу Тырныауэ къалэм щыщ унагъуэ 11-м унэхэр зытращІыхьын щІыхэр иратащ. А лэжьыгъэм дяпэкІи пащэнущ.

ЗэІущІэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэм, узышнагъэр хъумэныжкІэ Іэнатіэм я Іуэху зыІутым. Къапщтэмэ, Тырныауэ къалэм районым хиубыдэ адрей кьуажэхэми щыІэ сабий садхэр ирагъэфІэкІуащ икІи зи школ кІуэгъуэ нэмыса псори а Іуэхущ Іапі эхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Докладхэр зыщІадзэр Къэрмокъуэ Хьэчим къыхуриджащ зэкІэ зыпэмыльэщауэ щыІэ Іуэхуэр дзэгъэкІыным я гулъытэр хуауэнэтІыну. Абы УФ-м и Президентым и указхэр гъэзэщІэныжкІэ Іуащхьэмахуэ районым лэжьыгъэ хъарзынэ щызэфІагъэкІауэ къызэрильытэр жиІащ.

ЗэІущІэм и кІэухым район администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ псалъэмакъ щыхьэпэ зэрыригъаІэкІуэкІам икІи мы щІыналъэм исхэм сэбэп яхуэхьун чэнджэщхэр къызэрыратам папщІэ.

«Иджыпсту Урысейм и Правительствэм къэрал программэ щхьэхуэхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну ахъшэр ткІийуэ зэригъэзэхуэн хуей мэхъу. Апхуэдэ лъэхъэнэм дэ кьалэнышхуэ къыдбгъэдохуэ районым щыІэ щытыкІэр зэІымыкьэныжкІэ, цІыхухэм гугъуехьхэр кьалъыкъуэмыкІыныжкІэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ лэжьыгъэхэм кьахуэдгъуэтын хуейщ УФ-м и Президент Путин Владимир, КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сымэ кьытхуагъэуува кьалэнхэр гъэзэщІэныр къызэзыгъэпэщ бгъэдыхьэкІэр», - жиІащ районым и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэхуэхэм ябгъ ирагъэкІуэкІащ унафэхэр кьащтащ икІи ахэр гъэзэщІэныжкІэ жэуап зыхьхэр ящІыхуащ.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Яубрэжьри, яукІащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ тридзащ республикэм и щІыуиплІым яхуэгъэза уголовнэ Іуэхум щІыгъу зэрагъэкъуаншэ тхылъым.

АХЭР ЯГЪЭКЪУАНШЭ УФ-м и УК-м и 127-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «а», «в» пунктщІагъхэм кьыщыгъэльэгъуа щІэнтхьаджагъэмкІэ (ядыгъун мурад ямыІэу цІыхур щхьэхуитныгъэм зэрыпагъэкІащ папщІэ). Абыхэм ящыщ зыр апхуэдэу ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щІэпхьаджагъэмкІи (цІыху зэриуклам папщІэ).

Іуэхур зэхэзыгъэкІахэм белджылы кьызэращІамкІэ, 2015 гъэм мазаем и 6-м сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-рэ хуэдиз хъуауэ, Налшык щыІэу, цІыхуищ зэгурыуіащ гупым ящыщ зым 2015 гъэм и мазаем Краснодар щигъуэта фэбжьхэр кьытезыдзам «къысхуэзгъэгъу» жрагъэІэу зрагъэлъэІуну. Апхуэдэ мурадкІэ Хьэсэнэй поселкэм и Заречнэ узрамым тет унэм кІуащ. Фэбжь кьытезыдзар кьагъуэтри, яубрэжьащ, удыныщхуэ ирадзу. ИтІанэ залымыгъэкІэ «Тайота-Камри» автомашинэм ирагъэтІысхьэри Щэ-джэм районым хьихьэ Нартан кьуажэм щыІэ «Дыгъэ щІыкІу» жыг хадэ щІыхунэм яшащ. Абы здэкІуэм гупым гъусэ яхуэхъуащ Краснодар щаубэрэжьам и къуэш дыдэри.

ЩІыпІэм нэсу иужь, ягъэкъуаншэхэм ящыщ зыр битэкІэ тхуэ нэхърэ мынэхъ мащІэрэ яубыдам и щхьэм еуащ. Иужьрейр абдежым щыпІащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъым Іэ традза иужь, уголовнэ Іуэхур КЪР-м и Щэджэм районым судым хуагъэхьащ хэплъэн папщІэ.

Яхь жэуапыр зыхуэдэр гурагъаІуэ

КЪР-м щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министерствэм къэрал граждан къулыкъущІэхэм папщІэ щрагъэкІуэкІащ «Коррупцэм, хабзэм къемызэгъэ нэгъуэщІ Іуэхуэхэм пыщІа къуаншагъэхэр профилактикэ зэращІыр, езыхэм, я щхьэгъусэхэм, балигъ мыхъуа я бынхэм я хэхъуэхэм, я хэщІхэм, я мылъкум, ар зыхуэдэм ятеуха тхылъхэр (справкэхэр) щатхкІэ зытетын хуей хабзэр щызэпкъраха семинар.

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и прокуратурэм коррупцэм пэщІэтыныжкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ и къудамэм и прокурорыр.

Зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ законодательствэм нэхъыщхьэу къыгъэувкъэм. Апхуэдэу я хэхъуэхэм, я хэщІхэм, я мылъкум, ар зыхуэдэм ятеуха справкэхэр зэратхам и пэжагъыр къыщапщытэкІэ, прокуратурэм и Іуэхущ Іапі эхэр нэхъыбэу зыхуэзэ щыуагъэхэр ягъэзэІуащ, къыщынэмыщІауэ, тхылъ нэпцІ зытхэм яхь жэуапыр зыхуэдэр гурагъэІуащ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

● Фэепть

Генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд и цІэр фІащ

Псыхъурей къуажэм дэт школым абы щеджа генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд и цІэр фІащащ. Ар школыр зэрыгушхуэ къудейкъым, атІэ щІблэм я дежкІи щапхъэщ.

БАТЫР Мухьэмэд 1948 гъэм Псыхъурей къыщалъхуащ. Абы Орджоникидзе къыщыуцуащ дзэ командэ училищэр. 1981 гъэм - Фрунзе Михаил и цІэр зезыхьэ дзэ академиер, иужькІэ - СССР-м и ВС-м и Генштабым и дзэ академием щеджащ.

Илъэс 30-м щІигъукІэ абы къулыкъу щиІащ хьэуа десантыдзэм. Взводым, ротэм, батальоным, полкым, штурм бригадэм я командиру, уэгу-десантыдзэм и командирым, армэм и штабым и унафэщІым я къуэдзэу, армэ корпусым и штабым и унафэщІу, Урысейм и Ищхьэрэ-Кьуэкіыпі эм лъэныкъуэм щІымрэ псы Іуфэмрэ щыІэ дзэхэм я Іэтащхьэу, Генеральнэ штабым и академиеми и кафедрэм и унафэщІу щытащ. Парашютклэ 800-рэ узгум кьелъащ. Генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд кьыхуагъэфэщащ «За службу Родине в Вооруженных Силах» орденым и 1, 2, 3 нагъыщэхэр, «За заслуги перед Отечеством» орденыр, медаль 27-рэ.

Батыр Мухьэмэд кьулыкъу щиІащ Прибалтикэм, КъуэкІыпІэ Жыжьэм, Закавказыем, Урысейм и кьалэлъэхэм. Ауэ сыт щыгъуи гурэ-псэкІэ пыщІауэ щытащ и Хэку щыкІуэм. Къалэлъэхэм лэжьапІэфІхэр кьыщыхуагъэльагъуэ пэтми, кьулыкъур кьыгъэна нэужь, абы Налшык къигъэзжащ. Ар зы зэманкІэ щытащ КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и дзэпыкъуэгъуэу.

А псом щытепсэлъыхьащ школым генерал-лейтенантым и цІэр зэрыфІащым теухуауэ щекІуэкІа зэІущІэм. Абы хэтащ еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, Батырым и благъэІыхьлыхэмрэ и ныбж

Журналист Іэзэ, тхакІуэ Бекъан Чыланий и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу

Зи пщІэр лъагэ

ЦІыху къэс езым и гупсысэкІэ, Іуэху еплъыкІэ иІэжщ, щхьэж зэрыхуэзфІэкІкІи ар къегъэлъагъуэ, ауэ псом хуэдэжкъым журналистыр. Ар набдзэгубдзаплъэ, куэдым хищІыкІыу, и гупсысэр шэщІауэ цІыхубзм я деж нихьэсыфу щытын хуейщ. Журналистхэми щхьэхуэу уатепсэлъыхьмэ, нэхъыбэм езыхэм я хъэтІ яІэжщ, я тхыгъэм щыщ псальэуха зытІущми кърипщІыхуу ар зи Іэдакъэщіэкіыр. Адыгэ журналистикэм апхуэдэ Іэзагъ щызригъэгъуэтауэ пхужьІэнущ мы тхыгъэ кІэщІыр зытеухуа нэхъыжьыфІ Бекъан Чыланий.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» быдзу пыщІащ Бекъаным и гъащІэр, жыпІэнурамэ, ахэр «зэлъэхъэнэгъущ» - ди газетри «ебзкъуащ» Чыланий мэкъуауэгъуэм и 5-м игъэлъэпІа и юбилейм - илъэс 90-м! Бжыгъэ дахэщ ар цІыхум и дежкІэ, псом хэмыдэу а илъэсхэр цІыхухэм къаухэщъхэпэ Іэхэуфікіэ гъэнщІауэ щытамэ.

Сыт хуэдэ гупми иІэщ лэжьыгъэр нэхъ зытегъэщІахэмрэ бГъурыту екІуэкІэмрэ. Бекъан Чыланий газетым щыпэжьэху сыт щыгъуи ящыщащ апэрейхэм. Іэхур и кІэм нимыгъэсу щыщІэкІыжа, и тхыгъэхэм дагъуэ щы-хуащІа, къыщрагъэгъэзэжа (газет лэжьыгъэм апхуэди мымащІэу къыхохуэ) къэхъуауэ тщІэжыркъым. Чыланий сыт щыгъуи ящыщт газет къыдэкІыгъуэр «зыгъэнІхэм». Мэкъумэш къудамэм и унафэщІ Бекъаным корреспондент ныбжьыщІэхэм я тхыгъэхэм къеджжыну и къалэнти, зытхахэм я щыуагъэхэр яригъэлъагъужрэ ахэр зэригъэзэхуэжырт.

Журналистикэм и жанр псоми хуэлэкІуэлъакІуэу кьеІуэкІащ Бекъаныр, ауэ псом хуэмыдэжу нэхъ кьехъулІэр очерк тхынрат. ЦІыхум и пщІэр зыІэт, ар лъэныкъуэ куэдкІэ зэхэзыгъэцІыху, и гурыгу-гурыщІэхэм ущыхьІгъэгуазэ тхыгъэшхуэкэр Чыланий ятриухущ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэфІ куэдым, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Чыланий бэм яригъэлІыхуащ пщІэ, щІыхь хуащІыну зыхуэфащэ цІыху куэд.

Бекъаным и хьэл-щэным и гугъу пщІымэ, ар адыгэ хабзэм тет, шыІэныгъэшхуэ зыхэлъ цІыху зэпІэзэрытщ, сыт и лъэныкъуэкІи пщІэ зыхууигъэщІу. Чыланий и макъ зригъэІэтауэ зыгуэрым щІэгубжьэу зыльэгъуа щыІэу къыщІэжІынкъым.

КъытщІэупщІэну, дыкъилъагъуну къыщыптхэкІуэхэм и деж абы газетым кьикІуа гъуэгуанэм, гупым хэтахэм я гугъу къытхуещІ дэ икІи, езыхэр щынэхъ щІалэм зэгъусэу загъэпсэхуу, я зэдзгушІэкІэу щытахэм я хъыбари къыджеІэж. Редакцэм къыщІыхьамэ, и лэжьэгъуфІу, и ныбжьэгъуфІу щытахэу Мыз Нэфихь, Хьэжыкъарэ Тіалэ, Апажэ Назир, Джэлэс Таужид, Щомахуэ Владимир, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Шырыт Сультіан, Бекъул Токъан, Шыбзыхьэ Мухьэдин сымэ, нэгъуэщІхэми я гугъу куэдрэ къытхуеущ. Ахэри лэжьакІуэшхуэу, журналист Іэзэу зэрыщытам я мызакъуэу, гушыІэ дахэ зыхэль цІыху щыпкъэхэт.

Жьыщхьэ махуэ хъуа Бекъан Чыланий хэзгъэза мы псалъэхэмкІэ духыну дыхуейт ди тхыгъэр: «Фіыуэ тІъагъу, пщІэшхуэ зыхуэтщІ ди Чыланий! Гурыфіыгъуэ ущымыщІэу, уузыншэу иджыри бэрэ Тхьэм уигъэпсэу! Уи щІэблэм я гуфІэгъуэ куэд пльагъуну, нэхъыжь Іуамахуэу уащхьэщытыну ди гуапэщІ»

«Адыгэ псалъэ газетым и лэжьакІуэхэр.

Мэкъумэш Іэщ Іагъэм фІы дыдэу хещ Іыкі

Журналист къэс езым и лэжьэкІэ, хъэтІ, Іуэху бгъэдыхьэкІэ иІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд хужьіпІэ хъунущ «Адыгэ псалъэм» и мэкъумэш къудамэм и тхьэмадэу зэман кІыхькІэ къекІуэкІа Бекъан Чыланий.

КЪУАЖЭ егъэджакІуэу илъэс зыкъомкІэ лэжьа Чыланий, мэкъумэш Іэщ Іагъэ иІэ фІэкІа умыщІэну, гъавэ щІэнми, Іэщ гъэхъунми хищІыкІырт. Сэ мызэ-мытІэу къысхуихуащ абы и гъусэу республикэм и жылэхэм сыкІуэни, дапщэми згъэщІагъуэрт Іэщ Іагъэлъхэм и епсэлъэкІэр: сыт щыгъуи щыгъуаэзт зытетхьхьыну Іуэхум и «щхъухэм» - ар щыгъэпшэрым ехьэлІауэ щырет, е вэн-сэным я пІалъэм тегъэпсэлъыхь, Іэщыр зыхуей хуэгъэзэным и гугъу егъэщІ - и псэлъэгъуэм шэч къытрахьэрэтхэым а корреспондентыр я мыІэщІагъэлІэгъуэ. Апхуэдэ дыдэу Чыланий щыгъуаэзт хозяйствэ куэдым я гъавэ щІапІэ хьэсхэм дзэнэ деж нэхъ бзэвльэзми, дзнэ деж щІыр нэхъ щышэджэладжэми.

Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр, дауи, цІыхухэрт. Си фІэщ хъуркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгуэр зыхуэзфІэкІ унафэщІ, Іэщ Іагъэлі, жэмыш е механизатор гуэр и цІэрэ и щхьэкІэ, и шыфэлІыфэкІэ абы имыцІыхуу исауэ.

Чыланий и гъусэу мэкъумэш къудамэм щымылэжьа куэд редакцэм щІэсакъым. Ари «Ленин гъэзу» газетым щІэблэр журналистикэм и щхэхухэм хэгъэсэным епхауэ щыхэфІагъэкІхэм и зы Іыхьэт - лэжьакІуэщІэр къудамэ псоми гъэкІэгъэсэну ягъакІуэрт.

Бекъан Чыланий и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъумкІэ абы ехъэхъунухэм, псалъэ гуапэ хужьзыІэнухэм, шэч хэмылъу, яхэтщ илъэс куэдкІэ узэІэбэкІыжмэ ар зытетхыхьахэм, къуажэхэм цІыхугъэ, ныбжьэгъу къыщыхуэхъуауэ щытахэм ящыщхэри. Дэрэ ди гуапэщ Чыланий узынышу иджыри куэдрэ дяпэ итыну.

МЭЗЫХЬЭ Борис,
КъБР-м и Журналистхэм я зэгуэхэныгъэм и унафэщІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я лъэпкъ газетхэм зэгъусэу ирагъэкІуэкІа зэІуІэхэм ящыщ зым. *1994 гъэ*

Си ныбжьэгъум срогушхуэ

Бекъан Чыланий цІыхугъэ зэрысхуэхъурэ куэд щІащ. Зылі и ныбжь ныхуаІэм хуэдэ а илъэс бжыгъэм ди гъащІэ гъуэгуанэр щІэзытенкІэ хъунуми, кьызэрыщІэддзар студент шхапІэм хугу хьэдзищ фІэкІа зыхэмылъ хьэнтхъупс щхъуантІэ дыщІэздефэущ.

...1946 ГЪЭ. Зауэ нэужь зэман хьэлъэ. Налшык дэт пединститутым зэрыщІагъэтІысхьэ экзаменхэр щат фокІадэ мазэ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ школхэм щезыгъэджжынхэр щагъэхьэзыр къудамэм щІэтІысхьэнухэр лъэныкъуэкІэ дыщІэзэхэтт. Абыхэм кьахэщырт зы гуп цІыкІу, щІалэ зыхьбІи хъуэу, я ныбжькІэ хэти нэхъыжьу, хэти нэхъыщІэу. Чыланий нэхъ щІалэІуэхэм ящыщти, арагъэнщ еджэн зэрыщІэддзэу занщІэу нэхъ гъунэгъу дыщІыззэхуэхъуари.

ЩІалэгъуалэ щыхъукІэ, кьахокІ нэхъ псынщІи нэхъ кІэпкъбжьэпкъи. Ауэ студент ялэ пщэбакъуэр щысчыми щыгъуэ ныбжьэгъу схуэхъуам нобэр кьыздэсым дэслъагъур Іэдэбагъэр зэпІэзэрытыныгъэрэщ.

ИльэситІыр куэдрэ, Чыланий 1948 гъэм еджэн къиухри, Аушыджэр къуажэм дэт курыт школым зэрыщІэжьа гъэ еджэгъуитІым школакІуэхэм я адэ-анэхэм пщІэ зыхуащІ, еджакІуэхэм щІэныгъэ куу ябгъэдэзылъхьэф лэжьакІуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэтІ, а школым щыщыІа зэманым, егъэджакІуэхэм я республикэ зэІуІэм и лэжьэкІэм теухуауэ еэыр кьагъэпсэлъауэ зэрыщытар. Республикэм егъэджаныгъэмкІэ и министру а зэманым щыта Щомахуэ Амырхъан и унафэкІэ фІыщІи кьыхущІат.

КъыкІэлъыкІуэилъэсийм - 1950 гъэм щегъэжьауэ 1958 гъэм нэсыху - хэщІапІэ хуохъуж щалъхуа Нартан къуажэм дэт школыр. А зэманми и егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм зригъэуэзщІу, и къужэгъуэхэм я пщІэ игъуэту къэгъуэгурыкІуащ.

ЦІыхур зытет гъуэгур занщІэу ихъуэжьыныкІэ кьыщІэхъур щхьэусыгъуэ гуэркъым кьыхэкІыу кьыщІэкІынщ. Чыланий щыстудентами, егъэджакІуэ Іэнатіэм пэрыува нэужькІи, а зэманым «Къэбэрдей пэж», иужькІэ «Ленин гъэзу» цІэр зэрихьэу адыгэбзэкІэ кьыдэкІыу щыта газетым тхэрт, и Іэдакъэщіэкіэхэр редакцэм щылажьэхэм ягу ирихьырт. Арагъэнщ а газетым щІыпІэхэм щиІэ и корреспонденту Бекъаныр кьалъытэ щІэхъуари. Зэман докІри, езы редакцэ дыдэм мэкъумэшымкІэ кьудамэм и унафэщІу ягъэув. Абыр сэрэ газетым дыщыізэІущІэкри, илъэс тІощІым нэблагъэкІэ а зы гъэзгум дыздытетащ.

ЦІыхум и дуней еплъыкІэр, и лэжьэкІэр, и шыфэлІыфэр нэгъуэщІхэм кьызэращІэ зы Іэмалщ абы и ІэхэущІафэхэр. 1971 гъэм Чыланий кьыхуагъэфэщащ «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр. 1962, 1978 гъэхэм кьратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъхэр. Журналистикэм щиІэ фІыщІэм, екъуІэныгъэхэм я дамыгъэу, Бекъан Чыланий 1983 гъэм кьыфІащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр. Абы дыщІызгъужынщ, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым и щІыхь тхылъхэр зэриІэри.

Зыгуэрхэм къащыхъункІи хъунщ ди зэманым мыпхуэдэ гулъытэм мыхьэнэ гуэри имыІэжу. Зи гугъу сщІыр КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я ЩІыхь тхылъ зэгъэуІуарщ. Бекъаным ар кьыхуагъэфэщауэ щытащ Октябрь революцэр илъэс 70 зэрырикъуам и щІыхькІэ. Хэт дежкІи зэрыгурыІуэгъуэщи, совет властым и зэманым апхуэдэ тхылъыр бадзэ ещэу жьауапІэм щІэсхэм иратыртэкъым.

Бекъан Чыланий ящыщщ балигъыпІэ нэмысу зи щІалэгъуэр зауэ зэманым хиубыдахэм, тылым щылэжьахэм псэемыблэжу зэрахэтам папщІи медаль щхьэхуэ кьратащ.

МЫРЗЭКЪАН Суфян,
КъБР-ми Урысей Федерацэми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ.

Езэш жыхуаІэр ищ Іэртэкъым

Журналист лэжьыгъэр нэхъ гугъуэхэм ящыщщ, ауэ зэ узэщІиубыдамэ, уиутІыпщыжьыркъым. ЕгъэджакІуэу зэрылэжьа илъэс зыбжанэр хэбгъэкІмэ, Бекъан Чыланий и гъащІэ псор ди газетым и редакцэм щихьащ.

ЧЫЛАНИЙ сэ пасэу къэсоцІыхуащ: школым щыщІэсам и тхыгъэхмкІэ, радиокъэІуэкІэ дыдэм мэкъумэшым щІэныгъэ ящІэ, ар ящІэ, ар ящІэ, ар

Министр Къумахуэ Мухьэдин и тыгъэ.

«Дунейр-сабийхэм я нэкIэ»

● Гъэтъэгъуэныгъэ

Арат и фIэщыгъэр Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуазджэхэмкIэ музейм къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм.

КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ сабийхэм я изобразительнэ гъуазджэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ зэпеуэр УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэхэмкIэ я министерствэхэмрэ Художественнэ егъэджэныгъэмкIэ щIэныгъэ-методикэ федеральнэ къэрал Iуэхущапэмрэ илъэс еянэ хъуауэ зэкIэрагъэпэщащ. Абы къыхыхьэ ныбжьыщIэхэмрэ и щIэупщIэмрэ зэрыхэхъуэм ущымыгугфIыкIын плъэкIыркъым.

Псэ къабзагъэрэ гугъэкIэ гъэнщIауэ, адэжь хэкум и дахагъэр, абы и тхыдэр, лъэпкъ хабзэ екIуэр къызытещ сурэтхэм я щIагъыбзэ нэхъыщхьэр, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIахэр зыщIапIыкI дунейр фIыуэ зэральагъурщ. Сабий зэчиифIэкIэ дызэрыкъулейм зэпеуэр иджыри зэ щыхьэт техъуащ. Ахэр зыунэгъ егъэджакIуэ емызэщхэрщэ?! Апхуэдэу щытащ зи фэеплъыр нобэми и гъэсэнхэм ягу имыхУ Ткаченкэ Андрей. Сабий минитхум щIигъу игъэсащ абы. Пэжщ, ахэр псори гъуазджэм къыхэнакъым, ауэ дэтхэнэми а дуней тельыджэм и IункIыбзэлъхыр иритащ. Живописым ди республикэм зыщиужьныкIэ абы хуиущIа хэльхьэныгъэр къыпхуэмылъытэн хуэдизщ.

- Сабийхэр зыкъомкIи и дунейпсо махуэр зыгъэдэхэ Iэзхуэгъуэхэм ящыщщ выставкэр, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэр къыщыхэзIуихым. - Илъэс куэд хуауэ едгъэкIуэкI фестивалым сурэтыщI ныбжьыщIэхэр Налшык щызэхуешэри зэрегъэIыхьу, зэпещIэ. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, сурэт щIыныр къызэхъулIэ ныбжьыщIэхэм мыпхуэдэ зэIущIэхэр къежьапIэфI яхуохъу. АбыкIэ щIыкIуэхэм сэбэп даэзрыхуэхъур наIуэщи, Iэхум Iэмал имыIэу къыпыщIэн хуейщ. Фестивалым хэта куэд а унэтIныгъэм хуоджэри, абы дегъэгуфIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат** ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

- Нобэрей махуэр гуфIэгъуэкIэ гъэнщIащ. НыбжьыщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэм ущеплъкIэ, абыхэм я зэфIэкIым и кууагъым, я дуней льагъуэкIэм ущымыгуфIыкIын плъэкIыркъым. Ахэр нэсу къиГъэсэбэпын хуейщ. Зэманым фыдекIуэр фефIакIуэу фыпсэуну си гуапэщ, - жиIащ Уянаевэм.

- ЗэфIэкI гуэр зыбгъэдэмылъу сабий щыIэкъым. ЕгъэджакIуэфI зиIэм ейр сэтей къохьу, ар къиГъэлъэгъуэфу иregъасэ. Апхуэдэ гъэсакIуэ нэсу сэ сиIащ Ткаченкэ Андрей. Абы гъуазджэр фIыуэ зэрыдигъэлъагъум, абы и щэхуэм дызэрыщIигъэгъуаззм къищынэмыщIауэ, къыдэкIуэтей щIэблэм и гъэсэныгъэми гулъытэ хэха хуищIырт. СощIэж, адэ ящхьэщымытыжу къыткхэтхэм нэхъ яхуэсакъыу, зыгъэпсэхуакIуэ дыщыкIуэкIэ захъшэ зэхэтлъхьэмэ, абыхэм къаIуримыхыу, езым яхухилъхьэрт. Апхуэдиз зэхэщIыкI зиIэ цIыху къэзгъэтыгъуейщ. Абы и цIэм тригъэгушхуэ, ар щапхъэ зыхуэхъур сыт хуэдиз иджыри?! Талант зиIэ цIыхур насыпыфIэщ. Абы езым и дуней къегъэкIыжьщ. А и дунеймкIэ и хъуреягъым ядогуашэ. Апхуэдэ беягъ зыбгъэдэлъ сабийхэм абы и лъапIагъыр къагурыIуэу, ар яхъумэну къыхузоджэ, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч.**

Дагъыстэным, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэхэр, Ткаченкэ Андрей теухуа тхыльыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Щокъуий Ларисэ** сымэ, нэгъуэщIхэри зэIущIэм къыщыпсэльащ.

Зэпеуэм щытекIуахэмрэ зи лэжьыгъэр нэхъыфIу къальытахэмрэ щыхь тхыльхэмрэ фэеплъ сауГъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

Сыт хуэдэ-тIэ дунейр сабийхэм я нэкIэ? Ар дуней къабзэщ, къауГъэнШэщ, плъыфэбзщ. А псори нэхъ куууэ зыхэфщIэну фыхуеймэ, мы мазэм и кIэ хъуху екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм феплъ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пасэрей ухуэныгъэр адыгэхэм я лъэужьу пIэрэ?

● Къэхутэныгъэ

Кърымым щауху энерголъэмыжыр пIалъэкIэ къагъэувыIэн хуей хъущ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар Тамань хытIыгуныкъуэм щыIэ Ильич къуажэм метрих зи кууагъыу къыщагъуэта зыми емыщхь псы хъумапIэрщ.

РАН-м и институтым егъэщIылаУэ щыIэ КъуэкIыпIэ Боспор къэхутакIуэхэм хэт щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Псыжь (Кубань) щыпсэуа лъэпкъыжьхэм ящIэу щытащ гидротехникэ ухуэныгъэхэм я хабзэхэр. Ар зэманкIэ къапщтэмэ, алыджхэр мы щIыпIэм къэкIуэн ипэу «Российская газета»-м хуегъэфащэ.

ЩIэныгъэлIхэм къыщэральытэмкIэ, дызэрыт зэманым къагъуэта ухуэныгъэр ди эрэм и пэкIэ VIII-VII лIэщIыгъуэхэм зэфIагъэувауэ хуагъэфащэ. ЩIэныгъэхутэхэми жаIэ алыджхэр мы щIыпIэм къэзэпхъуэн ипэ а хэкур зи псэупIэу щыта, щIэныгъэр зыщымыгъуазэ лъэпкъ гуэрым ар и зыужьныгъэу.

Археологхэм къыщIагъэща комплексыр щытыкIэ хъарзынэм итт. НаIуэт ар зэманым зэтримыгъэщахэу къыззрызэтенар. Илъэс мин куэд ипэкIи хуэдэу, хъумапIэм псыр изт. Санкт-Петербург дэт Тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ РАН-м и институтым и лабораторэм абы къыщагъуэтахэм щыщхэр ирагъэхьащ.

Пасэрей псы хъумапIэр метритI зи лъагагъ мывэхэмкIэ къыщIыкIащ. Тамань хытIыгуныкъуэм щIэх-щIэхыурэ температурэм зэрызыщIхъужьым къыхэкIкIэ, мывэхэр псыгагъэм иIыгът. ХъумапIэ нэхъыщхьэм а псыр гъуанэпщIанэ иIэхэмкIэ къыпIадзурэ зэхуихьэсыгъ, абы из хъуа нэужь мыдрей и гъунэгъу хъумапIэ цIыкIуищым ильадэрт. ИкIи а мывэ къызэрыщIыкIам фильтр папщIэу псыр игъэкъабзэрт. КъуэкIыпIэ Боспор къэхутакIуэхэм я пашэ Сударев Николай зэрыжиIамкIэ, зи гугъу тщIы псыхъумапIэм ирикъунут зы жылагъуэшхуэ.

Мыпхуэдэ псыхъумапIэжьхэр зи Iэужь лъэпкъыр бгъэнэIуэжыну къызэрымыкIуэу гугъущ, ауэ апхуэдэ лъэужь къытхуэзыгъэнэфыну щытар Тамань хытIыгуныкъуэр зи псэупIэу щыта алыджхэмрэ пасэрей мэуэтхэмрэ синдхэмрэ я лакъуэхэмрэщ. ЩIэныгъэлIхэм къызэральытэмкIэ, синдхэр Таманым щыпсэуауэ тхыдэм хъыхьщыжыр ди эрэм и пэкIэ V лIэщIыгъуэрщ. Ахэр лакъуэкIэ зыхыхьэр яхуэзэхэмыгъэкIыу нобэр къыздэсым ириздауэ. Язныкъуэхэм жаIэ ахэр индоевропейхэм къахэкIауэ, нэгъуэщIхэми адыгэхэр къызытепщIыкIыжа мэуэтхэм щыщ лъэпкъыжьу къальытэ.

Синдхэм я гугъу ящу зыщIар ди эрэм ипэкIэ 4-нэ лIэщIыгъуэм псэуа усакIуэ Гиппонактщ. Нэхъ ижькIэ синдхэм тетхыха пасэрей алыдж тхыдэтх цIэрыIуэ Геродот щыхьэт тохъуэ абыхэм экономикэ лъэщ зэрагаIам.

Синдхэмрэ Боспор пащтыкIыгъэмрэ зэпыщIэныгъэшхуэ зэхуаIэт. Боспорыпщхэр хущIэкъурт синдхэм сату нэхъ зэрыдащIыну, къищынэмыщIауи я хъуэпсапIэт Синдикэр я лъабжьэм щIагъэувэну. ИкIи ар абыхэм зрагъэхъулIэн яхуэзфIэкIащ ди эрэм и 4-нэ лIэщIыгъуэм.

Хуэбгъэфащэ хъунущ мэуэтхэмрэ синдхэмрэ я къежьапIэр зы хъуэпсу. Аладжхэр ди хэкум къихьа нэужь абыхэм зэпыщIэныгъэ куу зэрагаIам щIэныгъэлIхэм шэч къытрахьэркъым. Алыджхэм ухуэныгъэшхуэхэр адыгэ щыгум тращIыхьу зэрыщытам и щыхьэт наIуэщ Гермонассэ, Фанагорие, Кены къалэхэр, КърымымкIэ уIэбэмэ, Нимфэ, Мирмекий, Пантикапей къалэхэр. Археологхэм мэуэт щIынальэу щытахэм къыщатIэщIа къалэжьхэр щыхьэт тохъуэ илъэс миным нэблагъэкIэ мэуэт щэнхабзэм зиужьурэ, зэпыщIэныгъэ зэпыщIэныгъэшхуэхэр хуаIэу къыззрекIуэкIам.

Къагъуэта ухуэныгъэхэр зейр адыгэхэрами е мы щIыпIэм къыхьа адрей лъэпкъхэр арами зэкIэ яхуэзэкомыгъэкIами, РАН-м и щIэныгъэхутэ институтым наIуэ къызэрищIащи, Урысейм къыщагъэута пасэрей ухуэныгъэжьхэм нэхъ ныбжькIэ куэдкIэ нэхъыжьу мы псыхъумапIэр хуагъэфащэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

● Каратэ

Ди щIалэхэр нэхъ лъэщщ

«Динамор - Урысейм и сабийхэм» акцэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплекснэм щекIуэкIащ каратэ-будокаймкIэ щIынальэхэм я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмени 100-м щигъу.

АЛЭРЫБГъУМ щызэпеуащ Дагъыстэным, Ставрополь крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гупхэр - псори зэхэту командибгъу. Ахэр спорт школхэм я гъэсэн зи ныбжьыр илъэсихым къыщыщIэдзауэ пщыкIублым нэблагъэ ныбжьыщIэхэрщ. Спортсменхэм яхэтащ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я мызакъуэу, Европэм и утыкуэхэми ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьаэхэри.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэхам хэту иджырей зэхьэзэхуэм щызэуащ ди къэралми, Европэми, дуней псомли щекIуэкIа чемпионатхэмрэ зэпеуэхэмрэ фIы дыдэу зыкъыщызыгъэльэгъуа, пашэныгъэ зыубыда щIалэщIэхэр. Адрей щIыналъэхэми я лIыкIуэхэри лъэщт. Дэтхэнэ зы зэIущIэри спортсменхэм я къару емыблэжу ирагъэкIуэкI, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэзауэ спорт лIэужьыгъуэхэм я федерацэм и унафэщI Къаныкъуэ Замир.

Я ныбжьэр хьэльагьрэ елытауэ гуэшауэ щыта гупхэм пашэ щыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу Къурашэ Регинэ, Ащнокъуэ Амир, Дыгулыбгъу Хьэчим, Щоджэн Аслъэн, Блашэ Тамерлан, Къущхъэ Къантемыр, Хьэкъул Къазбэч, Жанхъуэт Елдар, Тешэ Мухьэдин сымэ.

КЪЭХУН Бэч.

● Футбол

Премьер-лигэм хохьэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгуГъуитI иIэжу наIуэ хъуат абы япэ увыпIитIыр щызыубыдыр премьер-лигэм хыхьэнухэр. Ахэр Оренбург и «Газовик»-мрэ Тулэ и «Арсенал»-мрэщ. Мы командитIми я ехъулIэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа икIи щагъэса щIалэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ.

ОРЕНБУРГ и «Газовик»-м илъэс зыбжанэ хъууэ щоджэгу икIи а командэм и капитану щытащ **Щоджэн Марат**. «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм щыхэта лъэхъэнэм ар бэджэнду къыдатыжри, ехъулIэныгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьыр ихъмащ икIи топ дахэ зыбжанэ ди хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкIащ.

Нэгъабэ лъандэрэ оренбургдэсхэм яхэтщ гъуащхьауэ Iэзэ **Аппаев Хьэзыри**. «Газовик»-р премьер-лигэм кIуэн папщIэ къыхуэщхьэпа топ зыбжанэ абы дигъэкIащ икIи ар хэмыту а гупыр нобэ къызыщыгъэхъуГъуейщ.

Джатэгъэжь Инал Къэзан и «Рубин»-м и футболистщ. АрщхьэкIэ фэбжь хьэлъэ игъуэтати, и узынщагъэр нэсу зэфIэувэжьыхькIэ мы гъэм и пэщIэдзэм «Газовик»-м бэджэнду иритащ. Ди жагъуэ зэры-хъунщи, зы зэIущIэ фэкIа иримыгъэкIуэкIаIэ, Инал аргуэру фэбжь кьрадзащ икIи абы лъандэрэ джэгуплIэ губгъуэм кьихьакъым.

Тулэ и «Арсенал»-м и джэгукIэр зыпсыхьыр Гъуащхьэхъумэ ныкъуэ **Бырхъэм Къантемырщ**. Абы Мэзкуу и «Локомотив»-м щыщIидзащ, иужькIэ «Спартак-Налшыкым» щыджэгуащ. ИужькIэ Тулэ ирагъэблагъащ, премьер-лигэм яГъэзэжьнымкIэ дэIэпкъуэгъу яхуэхъуну кьальытэри. ИкIи «Арсенал»-м и унафэщIхэр щыуакъым.

Премьер-лигэм епщыкIуащэ, епщыкIуплIанэ увыпIэхэр къыщыхьыхьахэмрэ япэ дивизионым и ещанэ, еплIанэ командэхэмрэ я зэпэщIэуэ зэIущIэхэм хэтащ Астрахань и «Волгарь»-р. Абы и гъуащхьауэхэм ящыщ зыщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и щIалэгъуалэ гупми щыджэгу **Болэ Руслан**. Астрахандэсхэм я теКIуэныгъэкIэ ар иухамэ, «Спартак-Налшыкым» и гъэсэн щIалэри дэкIуэтеинут, арщхьэкIэ апхуэдэу къэхъуакъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу, Болэр премьер-лигэм щытIъагъуфынущ - абы игъэзэжынущ бэджэну «Волгарь»-м зыгъэкIуа «Краснодар» командэм.

Мы зи гугъу тщIа ди лъэхэгъу щIалэхэр Щоджэн Марат, Аппаев Хьэзыр, Джатэгъэжь Инал, Бырхъэм Къантемыр, Болэ Руслан сымэ къэралым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм мыгувэу щапэщIэувэнущ ЦСКА, «Зенит», «Спартак», «Рубин», нэгъуэщI командэ лъэщхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэр абыхэм гурэ псэкIэ зэрыдэщIынум, я ехъулIэныгъэхэм зэрыщыгуфIыкIынум щэч хэлъкъым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, иджыпстукIэ премьер-лигэм щоджэгу Мэзкуу и ЦСКА-м хэту Натхъуэ Бибрэс, Пермь и «Амкар»-м и гъуащхьэхъумэ ныкъуэ Щауей Алихэан, Грознэ и «Тэрч»-м и гъуащхьэхъумэ ныкъуэ Мырзэ Резуан сымэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Шахматхэр

Урысейм и чемпионатым макIуэ

Дагъыстэным и Изербаш къалэм щекIуэкIащ шахмат псынщIэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ Щынальэм и чемпионат. А зэпеуэм хэтащ спортсмен 84-рэ.

ЗЭХЬэЗэХУЭМ бжыпэр щызыIэригъэхьащ очкои 9-м щыщу очкои 7,5-рэ къэзыхьа налшыкдэс Козак Александр.

Апхуэдиз очко бжыгъэ а зэпеуэм щызэIэрагъэхьащ дунейпсо гроссмейстер Габриелян Артуррэ Быков Егоррэ (тIури Ставрополь крайм щыщщ). Щыми Iэмал ягъуэтащ накъыгъэ мазэм Сочэ щекIуэкIыну Урысейпсо чемпионатым хэтыну.

● Псапэ

Гулъытэр зыхащIэ

Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущапэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд и жэрдэмкIэ, колоние №94-м и лэжьакIуэхэр щыIащ Нартан къуажэм дэт школ-интернатым.

АДЭ-АНЭМ я нэIэ щIэмыту хэна сабийхэр щапI школ-интернатым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тау Элеонорэ ИК-4-м и унафэщI къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Хьэрыс Рудик зи пашэ лэжьакIуэхэр щигъэгъуэщащ ныбжьыщIэхэр нэхъ дэзыхьэххэм, спортымкIэ яIэ ехъулIэныгъэхэм. ХьэщIэхэм къаплъыхьащ цIыкIухэр щеджэ, щыжей, зыщагъэпсэху пэшхэр.

УФСИН-м и лIыкIуэхэм сабийхэм хуахьащ машинэ цIыкIухэр, топхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм здахьат тутнакъэщым исхэм къабгъэдэкI тыгъэхэри - цIыкIухэм папщIэ яда пIлэхэр, джанэхэр, пIэм зэрыхэлъ щыгъынхэр.

- Сабийхэр егъэгушхуэ мыпхуэдэ гулъытэм - нэхъыфIу еджэ, сыт хуэдэ Iуэхуми хуэжьыджэр мэхъу, - жиIащ Тау Элеонорэ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущапэм и лэжьакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм

инджылызыбзэкIэ хуиту фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-хэм ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм);
- гъэмахуэ зэманым лажьэ школ щхьэхуэ къыщэрегъэпэщ.

Езым и Iуэхур зэрыхуэхъуэм хуэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къьекIуалIэ хъунущ.

Еджэн щIадзэ мэкъуаугъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхьынухэр къэпсалъэ хъунущ **8-967-417-78-85** телефонымкIэ.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт **КIэмпIаэр Галинэ Жьихьэфар и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Елизаветэ Иван и пхъур** зэрыIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кIуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапэхэм я ядэлжьэныкъомкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеХу зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр I994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **НэщIэпыджэ Замирэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Науэкъуэ Заирэ,** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Доя Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ, Мэпбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьезыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №727